

### BAB III

## MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan métodeu jeung désain panalungtikan, prosedur panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik analisis data.

### 3.1 Metodeu jeung Désain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, métodeu anu digunakeun nyaéta metode kuasi ékspérimén kalawan desain *One Group Pretest-Posttest Design* (Arikunto 2014) Anapon nalika nerapkeun model pangajaran diantara *pretest* jeung *posttest* disebut *treatment* atawa perlakuan. Sangkan leuwih jéntré, desain panalungtikan dipedar ieu di handap.

|                  |
|------------------|
| $O_1 \times O_2$ |
|------------------|

Keterangan:

$O_1$  : Kamampuh siswa dina nulis téks déskripsi saméméh ngagunakeun model PWI.

$X$  : *Treatment* ngagunakeun model PWI.


$O_2$  : Kamampuh siswa dina nulis téks déskripsi sabada ngagunakeun model PWI.

Ayana ieu desain bisa mikanyaho kumaha hasil *treatment* sacara akurat nalika ngagunakeun modél nu dipilih, ku cara ngabandingkeun hasil *pretest* ( $O_1$ ) jeung *posttest* ( $O_2$ ). Leuwih lengkepna, dina ngalarapkeun ieu desain aya tilu léngkah nyaéta (1) Méré *pretest* ka siswa pikeun ngukur variabel saacan *treatment* dilakukeun, (2) méré *treatment* luyu jeung model pangajaran nu dipilih, sarta nu pamungkas (3) méré *posttest* ka siswa pikeun ngukur variabel sabada dibéré *treatment*.

### 3.2 Prosedur Panalungtikan

Prosedur atawa léngkah panalungtikan dilakukeun pikeun ngajawab masalah. Wanda pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif. Pamarekan kuantitatif mangrupa panalungtikan anu ngagunakeun data

dina wangun angka (Mukhid, 2021). Méthode anu digunakeun nyaéta méthode kuasi ékspérimén. Méthode kuasi ékspérimén nyaéta bagéan tina méthode kuantitatif anu digunakeun pikeun néangan pangaruh tina hiji perlakuan kana hal séjén dina kondisi anu ditangtukeun (Hikmawati, 2020) Desain panalungtikana nyaéta *one group pretest-posttest*, sarta dina prak-prakana ngagunakeun model *PWI*. Sangkan leuwih jéntré, bisa dititénan dina bagan 3.1.



Bagan 3. 1 Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana bagan 3.1, katitén aya sababaraha prosedur anu dilakukeun dina ieu panalungtikan. Prosedur anu kahiji tangtuna aya tahap tatahar utamana dina nyarungsum masalah nu karandapan di sakola. Dina ieu hal panalungtik ngalakukeun observasi awal ku cara konsultasi ka guru basa Sunda di SMP Negeri 9 Bandung patali jeung masalah naon nu karandapan ku siswa dina pangajaran basa Sunda hususna dina pangajaran nulis téks déskripsi. Sabada kitu, panalungtik tangtuna milih modél pangajaran nu cocog pikeun ngungkulan masalah nu aya, jeung nangtukeun pamarekan naon nu rék dipilih. Dina ieu panalungtikan mah modél nu dipilih nyaéta modél *PWI* sarta pamarekanana nyaéta kuantitatif

ngagunakeun studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung. Sabada variabel geus ditangtukeun, tangtuna panalungtik nataharkeun sagala rupa kaperluan pikeun panalungtikan saperti modul, instrumén tés, instrumén panilaian, jsb. Sabada tatahar, panalungtik ngumpulkeun data ka lapangan ngaliwatan *pretest* jeung *posttest* tujuana nyaéta pikeun meunangkeun data sacara akurat sarta pikeun mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina nulis téks déskripsi saméméh jeung sabada ngagunakeun modél PWI.

Anapon léngkah-léngkah dina tahapan ieu diantarana.

- a. Siswa migawé *pretest* nulis téks déskripsi kalayan téma nu geus ditangtukeun, tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh awal.
- b. Sabada mikanyaho hasil tina kamampuh awal, panalungtik méré perlakuan (*treatment*) patali jeung pangajaran nulis téks déskripsi ngagunakeun model PWI.
- c. Sabada ayana perlakuan (*treatment*), siswa ngerjakeun *posttest* ku soal nu sarua jeung *pretest*. Tujuana pikeun mikanyaho kumaha kamampuh ahir siswa naha ngaronjat atawa henteu.

Nalika data geus kakumpul, satuluyna nu dilakukeun ku panalungtik nyaéta nganalisis hasil *pretest* jeung *posttest* kalayan ngagunakeun aplikasi *SPSS version 29* pikeun mikanyaho naha aya béda nu signifikan antara kamampuh siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél PWI. Sabada data dianalisis, satuluyna bisa dicokot kacindekan naha model pangajaran anu dipilih dina ieu panalungtikan bisa ngungkulan masalah dina nulis téks déskripsi atawa henteu, sabada kitu dijieun rékoméndasi.

### 3.3 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung taun ajar 2023/2024 anu jumlahna 25 urang. Sedengkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh siswa dina nulis téks déskripsi.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu dipaké pikeun ngumpulkeun data awal jeung data ahir tina ieu panalungtikan nyaéta tés. Wangun tésna nyaéta tés tulis ngeunaan téks déskripsi.

Refina Insani Farasadina, 2024

**MODÉL PICTURE WORD INDUCTIVE DINA PANGAJARAN NULIS TÉKS DÉSKRIPSI (STUDI KUASI ÉKSPÉRIMÉN KA SISWA KELAS VIII-I SMP NEGERI 9 BANDUNG SEMESTER GENAP TAUN AJAR 2023/2024)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Lian ti éta, digunakeun ogé téknik angkét jeung wawancara. Tés dina ieu panalungtikan dilaksanakeun dua kali, anu kahiji nyaéta *pretest* atawa tés mimiti sabada aya *treatment* nu tujuana pikeun ngukur jeung mikanyaho kamampuh awal siswa, jeung *posttest* atawa tés ahir sabada aya *treatment* nu tujuana pikeun ngukur jeung mikanyaho kamampuh ahir siswa. Anapon paréntahna dina ieu tés luyu jeung Tujuan Pangajaran (TP) dina bab saacana nyaéta siswa dititah nulis téks déskripsi ngeunaan tempat wisata. Sangkan leuwih jéntré instrumén dina ieu panalungtikan dijéntrékeun dina tabél 3.1.

Tabél 3. 1  
Kisi-kisi Instrumén

| No | Tujuan<br>Pangajaran                                  | Indikator                                                                                                                                                                                   | Level              | Jenis     | Bentuk           |
|----|-------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------|-----------|------------------|
| 1  | Kamampuh nulis téks déskripsi ngeunaan tempat wisata. | Siswa mampuh nulis téks déskripsi ngeunaan tempat wisata kalawan merhatikeun eusi, organisasi, kosa kata/diksi, tata basa jeung struktur, ejahan jeung tanda baca, sarta kerapihan tulisan. | P3 (Tahap Presisi) | Tés Tulis | Lembar Penugasan |

Pikeun ngukur jeung nganilai kamampuh siswa dina nulis téks déskripsi tangtuna diperlukeun sababaraha aspék nilai. Ku kituna, aspék nilai dina ieu tés nulis téks déskripsi dijéntrékeun dina tabél 3.2.

Tabél 3. 2  
Rubrik Nilai

| Aspék      | Indikator                                                                | Skor    | Kritéria   |
|------------|--------------------------------------------------------------------------|---------|------------|
| Eusi       | Eusi luyu pisan jeung jejer, mundel pisan tur jéntré.                    | (21-25) | Hadé Pisan |
|            | Eusi luyu jeung jejer, mundel tur jéntré.                                | (16-20) | Hadé       |
|            | Eusi kurang luyu jeung jejer, kurang mundel jeung kurang jéntré.         | (11-15) | Cukup      |
|            | Eusi teu luyu jeung jejer, teu mundeul jeung teu jéntré.                 | (5-10)  | Kurang     |
| Organisasi | Jelas pisan strukturna, gagasan loba, logis, tingkat kohési luhur pisan. | (18-20) | Hadé Pisan |

| Aspék                   | Indikator                                                                                                                                      | Skor    | Kritéria   |
|-------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------|------------|
|                         | Jelas strukturna, gagasana loba, logis, tingkat kohési luhur.                                                                                  | (14-17) | Hadé       |
|                         | Kurang jelas strukturna, kurang gagasan, kurang logis, tingkat kohési kurang luhur.                                                            | (10-13) | Sedeng     |
|                         | Teu jelas strukturna, gagasan kurang pisan, teu logis, teu kohési.                                                                             | (7-9)   | Cukup      |
| Kosa kecap/diksi        | Kosa kecap jembar pisan, éféktif pisan, maham pisan dina proses ngawangun kecap, pamilihan kecap luyu pisan.                                   | (18-20) | Hadé Pisan |
|                         | Kosa kecap jembar, éféktif, ngawasa dina proses ngawangun kecap, pamilihan kecap luyu.                                                         | (14-17) | Hadé       |
|                         | Kosa kecap heureut, kurang éféktif, kurang ngawasa dina proses ngawangun kecap, pamilihan kecap kurang luyu.                                   | (10-13) | Cukup      |
|                         | Kosa kecap heureut pisan, teu éféktif, teu maham kana proses ngawangun kecap, teu ngawasa kana kosa kecap.                                     | .(7-9)  | Kurang     |
| Tatabasa jeung struktur | Struktur kalimah bener pisan, éfisién, maham pisan kana tata basa, saeutik pisan kasalahan dina nyusun jeung makéna kalimah.                   | (22-25) | Hadé Pisan |
|                         | Struktur kalimah bener, éfisién, maham kana tata basa sanajan basajan, saeutik kasalahan dina nyusun jeung makéna basa tapi teu ngarobah makna | (18-21) | Hadé       |
|                         | Struktur kalimah kurang bener, kurang éfisiém, kurang maham kana tata basa, loba kasalahan dina nyusun jeung makéna kalimah.                   | (11-17) | Cukup      |
|                         | Struktur kalimah teu bener, teu éfisién, teu maham kana tata basa, lobana kasalahan dina nyusun jeung makéna kalimah sarta ngarobah makna.     | (5-10)  | Kurang     |
| Ejahan jeung Tanda baca | Maham pisan kana kaidah makéna éjahan jeung tanda baca.                                                                                        | (5)     | Hadé Pisan |
|                         | Ngawasa kana kaidah makéna éjahan jeung tanda baca, aya saeutik kasalahan.                                                                     | (4)     | Hadé       |
|                         | Kurang ngawasa kana kaidah makéna éjahan jeung tanda baca, loba kasalahan.                                                                     | (3)     | Cukup      |

| Aspék             | Indikator                                                                    | Skor | Kritéria   |
|-------------------|------------------------------------------------------------------------------|------|------------|
|                   | Teu ngawasa kana kaidah makéna éjahan jeung tanda baca, tulisan hésé dibaca. | (2)  | Kurang     |
| Karapihan tulisan | Kabaca, bersih, jeung rapih.                                                 | (5)  | Hadé Pisan |
|                   | Kabaca, bersih, tapi teu rapih.                                              | (4)  | Hadé       |
|                   | Kabaca, teu bersih, jeung teu rapih.                                         | (3)  | Cukup      |
|                   | Teu kabaca, teu bersih, jeung teu rapih.                                     | (2)  | Kurang     |

(dimodifikasi tina Djumingin, 2017)

Rentang nilai nu aya dina tabél 3.3 mangrupa rentang nilai nu bakal dipaké nalika nangtukeun katégori dina hasil rata-rata aspék. Sedengkeun pikeun nganilai kamampuh siswa panalungtik ngagunakeun nilai maksimum. Anapon genep aspek diluhur bakal dijumlahkeun pikeun meunangkeun nilai ahir unggal individu. Acuan penilaian anu dipaké nyaéta make PAN (Penilaian Acuan Norma) nu tujuanna pikeun mikanyaho kategori nilai unggal individu dumasar kana sebaran nilai hiji kelompok (Kuswari, 2010). Anapon pikeun nangtukeun kategori unggal nilaina bisa ditingali dina tabél 3.3.

Tabél 3.3  
Katégori Nilai

| Interval Nilai                 | Kategori     |
|--------------------------------|--------------|
| $X < M - 1,5SD$                | Kurang Pisan |
| $M - 1,5SD < X \leq M - 0,5SD$ | Kurang       |
| $M - 0,5SD < X \leq M + 0,5SD$ | Cukup        |
| $M + 0,5SD < X \leq M + 1,5SD$ | Hadé         |
| $M + 1,5SD < X$                | Hadé Pisan   |

(Azwar, 2012)

### 3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téknik tes (*pretest* jeung *posttest*), angkét, jeung wawancara. Tés dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh awal jeung kamampuh ahir siswa sabada dilakukeun *treatment* luyu jeung modél nu dipilih, sedengkeun angkét jeung wawancara dilakukeun pikeun mikanyaho kumaha réspon siswa nalika lumangsungna prosés pangajaran. Padoman angkét jeung wawancara bisa diilikan dina lampiran 6 jeung lampiran 7.

### 3.6 Téknik Analisis Data

Dina ieu panalungtikan, analisis data dilakukeun ngagunakeun aplikasi *SPSS* jeung *Microsoft Excel*. Tujuanana nyaéta sangkan leuwih gampang dina ngolah data kuantitatif. Anapon dina analisisna tangtu aya sababaraha tahapan anu dijéntrékeun di handap.

- Mariksa jeung nganalisis hasil *pretest* jeung *posttest* dumasar kritéria aspék nilai nulis téks déskripsi.
- Méré nilai hasil *pretest* jeung *posttest* kalawan nyoko kana rubrik meunteun nulis téks déskripsi.
- Ngasupkeun nilai dumasar kana aspék nulis téks déskripsi jeung katégori ngagunakeun format meunteun.

Tabél 3. 4  
Format Nilai

| NAS       | Aspek nu Dinilai |   |   |   |   |   | N | Katégori |
|-----------|------------------|---|---|---|---|---|---|----------|
|           | A                | B | C | D | E | F |   |          |
|           |                  |   |   |   |   |   |   |          |
| $\Sigma$  |                  |   |   |   |   |   |   |          |
| %         |                  |   |   |   |   |   |   |          |
| $\bar{x}$ |                  |   |   |   |   |   |   |          |

Keterangan:

- NAS = Nomor Absen Siswa  
 A = Eusi  
 B = Organisasi  
 C = Kosa kecap  
 D = Tata basa jeung struktur  
 E = Ejahan jeung tanda baca  
 F = Karapihan tulisan  
 N = Nilai  
 $\Sigma$  = Jumlah Nilai  
 % = Perséntaseu Nilai  
 $\bar{x}$  = Rata-rata Nilai

- Ngasupkeun data kana *MS. Excel 2019* jadi tabulasi data, sangkan katempo hasil siswa ngaronjat atawa henteu.
- Ngasupkeun data tina *MS. Excel* kana aplikasi *SPSS version 29* pikeun uji normalitas.
- Uji normalitas tujuanna pikeun mikanyaho sifat data naha datana miboga distribusi anu normal atawa henteu. Upama hasil tina uji normalitas distribusi

- datana normal mangka data bakal dianalisis paramétrik, tapi saupama distribusina teu normal kaasup teu kahontal, analisis nu dipaké nonparamétris.
- g. Léngkah anu satuluyna nyaéta uji hipotésis pikeun mikanyaho naha aya béda nu signifikan atawa henteu tina dua data nu geus dipaluruh.
  - h. Pamungkas, tina hasil uji hipotésis bisa dicokot kacindekkan naha model PWI téh bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks déskripsi atawa henteu, naha aya béda anu signifikan atawa henteu.